Ассаламу гӀалайкум, казбекалъул жамагӀат!


# ВЕСТНИК Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 55 (9793) / 17 декабря 2018 с. / итни 10 Рабби ас -сани 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru


Политика ва экономика

## Райадминистрациялда



11 декабралда райадминистрациялда тӀобитӀана аппаратalъул иргадулаб данделъи. Гьенире гӀахьаллъана - **«Казбек район»** муниципалияб гӀуцӀиялъул бетӀер ХӀ.ХӀ. Мусаев, гьесул заместитель И.Б. Салимханов ва цогидалги жавабиял х1алт1ухъаби.

Данделъиялда, районалъул цӀалул учреждениязул цӀа ккеялдаса - цӀуниялъе ва гьениб хӀинкъигьечӀолъи букӀинабиялъе гьарурал хӀалтӀабазул бицун, к1алъазе рахъана- И.Б. Салимханов, лъайкьеялъул Управлениялъе нухмалъулев М.-р. МахӀамаев, ОМВДялъул хӀалтӀухъан,- полициялъул майор ГӀабдурашид МахӀамаев, цӀаккеялдаса цӀуниялъул отделалъул инспектор,кӀудияв лейтенант МухӀамад Салимханов.

КӀалъаязул хӀасил гьабулелъул ХӀ.ХӀ. Мусаевас абуна: **«Нилъеца хал гьабиялде росарал суалал бетӀералде рахъинариялъе гьарулел хӀалтӀабалъ руго гӀезегӀанго гӀунгутӀаби. Киг1ан бицаниги, хӀалтӀи чучлъизе тун буго.**

**Лъималазул ахазда, школазда хъаравулзабиги гӀадлу-низам цӀуниялъе чӀахӀиял росабалъ (Дилим, Ленинаул, Калининаул) дежурство гьабулел полициялъул хӀалтӀухъабиги ратулел гьечӀони, кинаб хӀалтӀи букӀунеб?**

**ЦӀаккеялдаса цӀуни мурадалда сигнализациялъе лъурал кнопкабиги рукӀунел руго директоразул кабинетазда. Хъаравуласулг1аги квер щолеб бак1алда лъезе ккеларищ гьел. Гьединал ва гьезда релъараал гӀунгутӀаби нилъеда сверухъ гӀемерал руго. Гьел т1аг1инариялде к1вар буссинабизе ккела.**

**«Бахчуда» бугеб экономикаги тӀегьалеб бугони, лъидаго цӀехечӀого, бакӀалги разе толел ругони, такси хӀаялъулъ кинаб бугониги низамги чӀезабичӀони,нилъ щиб гьабизе тарал чагӀи ккола?**

**Дица цо чанго нухалда цересел данделъабаздаги абуна, гьанже такрарги гьабулеб буго,- законалде данде ккоралел ишал гьаризе нилъеца гӀададамал тезе бегьуларо. Пачалихъалъул жакъасел т1алабал цӀикӀкӀарал руго ва гьел тӀурачӀого нилъее ресги гьеч1о»**,-ян.

*ИбрагЬим ИДРИСОВ.*

## ХӀажи МахӀачев



Пачалихъияв гӀуцӀарухъан, машгьурав политик, жамгӀияв х1аракатчи, авар халкъалъул цевехъан, пачалихъалъул гӀемерал шапакъатазул кавалер, юридикиял гӀелмабазул доктор **ХӀажи НухӀиевич МахӀачев,** нагагьаб балагьалъул х1асилалда, гӀумруялдаса ватӀалъана 2014 соналъул 19 декабралда.

Камуна Дагъистаналъе бажари бугев ва хӀинкъи лъаларев бахӀарчи.

Нахъе хут1ана кидаго хвел гьеч1ел гьесул лъик1ал ишал.

Мунагьалги чурун, Алжаналъул агьлулъун гьавун ватаги гьев Т1адег1анас.

*Редколлегия.*

Депутатасул ишал

## Единороссы контролируют партийные проекты на местах



Во исполнение поручения Президиума регионального политсовета партии **«Единая Россия»** , 8 декабря 2018 года, депутат Народного Собрания Республики Дагестан от фракции **«Единая Россия»** по Казбековскому району Мухтарпаша Умаханов, вместе с помощниками и с руководителем исполкома местного отделения ВПП **«Единая Россия»** Саидом Алтумирзаевым, с выездом на место, проверил сроки и качество выполнения работ, проводимых по проекту **«Городская среда»**, инициированного Президентом России В.В. Путиным и лидером партии «Единая Россия» Д.А. Медведевым, а также по проекту **«100 школ»**, инициатором которого является глава РД В.Васильев. Проверки проводились в п. Дубки, в населенных пунктах Гертма и Калининаул.

В ходе проверки были сделаны замечания по качеству выполнения работ и актуализации проектно - сметной документации, указано на необходимость составления дефектных актов выполненных работ и приведение их в соответствие с проектно-сметной документацией.

***Саид АЛТУМИРЗАЕВ, помощник депутата.***

Рабиг1уль - авваль

## Мавлид моцӀалъул хӀурматалда...



ГӀадатлъун лъугьун буго район тун къватӀирехун ругел ракьцоялгун дандчӀваял тӀоритӀи. Гьединазул цояблъун букӀана 5 декабралда, РабигӀуль авваль моцӀалъул хӀурматалда, МахӀачхъалаялда, ЦӀадаса ХӀамзатил цӀар тараб Авар театралда тӀобитӀараб тадбирги.

**«Казбек районалъул гӀолилал»** ДРООялъул хӀаракатчилъиялда тӀобитӀараб, **«Казбек район»** муниципалияб гӀуцӀиялъе нухмалъулев ХӀ.ХӀ. Мусаевас ва имамзабазул Советалъ рахъ ккураб гьеб тадбиралда гӀахьаллъана- республикаялъул х1укуматалъул Председателасул заместитель, росдал магӀишаталъул министр ГӀабдулмуслим ГӀабдулмуслимов, ХӀ.Мусаев, районалъул имамзабазул Советалъул председатель А.-р. Качалаев, районалдаса ва гьеб тун къватӀирехун яшав гьабун ругел гӀадамал.

КӀалъазе рахъарал- ХӀ.Мусаевас, ГӀ.ГӀабдулмуслимовас, муфтиясул кумекчи К.-хӀ. Темирбулатовас, МахӀачхъалаялъул Централияб мажгиталъул имам Зайнула Атаевас, Гертма росдал имам МахӀмуд Алхасовас, тарихчи ва гӀагараб ракь лъазабулев Мурадула Дадаевас, тарихчи Мажид Беркихановас, **«Казбек районалъул гӀолилал»** ДРООялъул председатель АхӀмад Иманшапиевас, заруда рагъул гӀахьалчи Рамазан Эмеевас, МахӀачхъала шагьаралъул Киров районалъул федералияв судья ХӀажимухӀамад ХӀажимухӀамадовас, А.-р. Качалаевас ва цогидазги гьениб бицана гьединал тадбиразул районалъул гӀадамазда гьоркьор гьудул-гьалмагълъиялъул бухьенал щула гьариялъе, гӀолеб гӀелалъе рухӀияб тарбия кьеялъе бугеб кӀваралъул, бачӀунесеб гӀелалъухъе умумузул гӀадатал кьеялъулъ гьезул бугеб пайдаялъул ва бакӀалъул органазе нухмалъулезеги диниял бутӀрузеги, цадахъ рекъон, жамгӀияб хӀалтӀи гьабиялъе гьез кьолел ресазул.



КӀалъазе рахъараз данделъиялъул гӀахьалчӀалазегун районцоязе гьарана сахлъи, рохел, гьабулеб гӀибадат къабуллъи ва гьарулел лъикӀал ишазулъ битӀккей.

КӀалъаязда гьоркьор мавлидал ахӀана - Рамазан Меджидовас, МухӀамад ГъазимухӀамадовас, АхӀмад Къураевас, Гали МухӀамадовас ва М.-хӀабиб ХӀусейнов.

Данделъаразул ракӀазе кӀудияб асар гьабуна районалъул культураялъул Централъул хӀалтӀухъан МухӀамад Дудуевас имам Шамилил къеркьеялде бахъараб **«Магъази»** поэма рикӀкӀиналъги.

Тадбир нухда бачарав **«Аманат»** Медиа студиялъул бетӀерав редактор АхӀмад ХӀасанхановас ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабуна гьеб тадбир гӀуцӀиялда тӀад хӀалтӀаразе, данделъи тӀобитӀиялъе квербакъарал Авар театралъул хӀалтӀухъабазе ва гьенир гӀахьаллъаразе.

*Пресслужба.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

Дин ва политика

# Цадахъ х1алт1изе бицана

12 декабралда нилъер районалде щвана Дагъистаналъул муфтиясул т1оцевесев заместитель Г1абдула Аджимоллаев ва Северияб территориалияб округалда муфтияталъул вакиллъун вугев Ах1мад Надирбегов. Гьел дандч1вана районалъул бет1ер Х1.Х1. Мусаевгун ва имамзабазул Советалъул председатель А.-р.Качалаевгун.



Дандч1вай т1обит1иялъул мурадлъун бук1ана терроризмалдегун экстремизмалде данде къеркьеялъе, нухазда гьабсаг1аталда бугеб ах1вал-х1ал г1одоцинабиялъе, г1олеб г1елалъе рух1ияб тарбия кьеялъе ва районалъул социалиябгун экономикияб рахъал цебет1еялъе цадахъаб х1алт1и гьаби.

Районалъул бет1ерас ва имамас гьалбазе бицана т1адехун рехсарал суалазда сверухъ районалда гьабулеб х1алт1ул, цере ч1арал масъалабазул ва дандч1валел зах1малъабазул.

Гара-ч1вариялъулъ «баг1араб» мухъилъун бук1ана районалъул г1адамазе пайдаялъе цадахъаб х1алт1и гьаби»,-ян абураб пикру.

Дандч1вай ахиралде щвана Х1.Мусаевас ва А.-р. Качалаевас, цадахъаб х1алт1и гьабизе бицаралъухъ, гьалбазе рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабиялдалъун.

*ПРЕССЛУЖБА.*

Нилъер бах1арзал

# Бах1арзазул х1урматалда

Ват1аналъул бах1арзазул Къоялъул х1урматалда культураялъул Централда т1обит1ана рохалилаб данделъи. Гьенире г1ахьаллъана- районалъул бет1ер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместителал: И. И. Шабазов ва И.Б. Салимханов, кумекчи Гъ.Б. Гьайирбиев, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов, администрациялъул аппаратлъе нухмалъулев Г1.П. Базаев, Жамг1ияб палатаялъул председатель ХI. А. Адимирзаев, **«Цогояб Россия»** партиялъул бак1алда бугеб отделениялъул исполкомалъе нухмалъулев С.ХI. Аптумирзаев,рагъулгун зах1маталъул ветеранзазул Советалъул председатель М.-хI. Г1.Мух1амадх1абибов, **«Казбек районалъул г1олилал»** г1уц1иялъе нухмалъулесул заместитель Р.М.-р.Лат1ипов, ОМВДялъул начальникасул кумекчи Р.А. Г1исаев, районалъул бах1арзазул г1агарлъи, муг1алимзабигун ц1алдохъаби ва гь.ц.



Лайла ва Руслан Имамирзаевал, Бесират Адуева, Дилим росдал гимназиялъул, Калининаул, Ленинаул, Гуни росабалъа ц1алдохъабазул художественниял коллективал.

Гьенир, районалъул администрациялъул рахъалдасан,нилъер бах1арзазул



К1алъазе рахъарал - ХI. ХI. Мусаевас, Ленинаулалъул №2 ва Калининаулалъул гьоркьохъел школазул муг1алимзаби: Иман Г1умарасх1абовас ва Сайгибат Герехановалъ, **«с.Калининаул»** АСПялъул бет1ерасул заместитель Назир Гьайирбиевас, Р.Г1исаевас,Р.М.-р.Лат1иповас данделъаразда баркана бах1арзазул Къо, бицана г1олеб г1елалъе тарбия кьеялъе гьелъул бугеб к1варалъул.

Ват1аналде,гьелъул бах1арзазде, халкъалде ва г1агараб ракьалде рахъарал куч1дуздасан г1уц1араб концерталъулаб программагун цере рахъана коч1охъаби: г1агарлъиялъе кьуна г1арцулал сайгъатал.

Гьединго, районалъул культураялъул Управлениялъул Х1урматалъул грамотабаздалъун ва Баркалаялъул кагътаздалъун гьенир к1одо гьаруна- Бесират Адуева (Гуни), Юсуп Джаватханов(Ленинаул), Сакинат Мурадисова (Дилим) ва Исрап Булатханов (Дилим).

Гьеб тадбиралда видеороликал рихьизариялда ва музыка ч1езабиялда т1ад х1алт1ана Мух1амад Дудуев.

Данделъи бачана Рамазан Гьанищевас.

Сакъатазул къо

# Сакъатазул байрам

10 декабралда культураялъул Централда тIобитIана, сакъатазул Къо кIодо гьабун, рохалилаб данделъи.

Гьенире гIахьаллъана - **«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов, культураялъул отделалъул начальник А.К. Ибрагьимов, ЖамгIияб палатаялъул председатель ХI.А. Адимирзаев, социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул Централъул директор Ю.И. МухIаев, хIалтIудалъун гIадамал хьезариялъул Централъул директор М.ХI. Хъарагишиев, спорткомитеталъул председатель И.А. Булатханов ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.



Гьеб данделъиялда баркиялъул рагIабигун кIалъазе рахъана - ХI. Мусаев, Гъ.Гьирисханов, Ю. МухIаев, **«Чапар»** газеталъул редактор М. Чупалаев ва ЦТКНРалъул директор З.МухIамадова.

Концерталъулаб программагун цере рахъана- культураялъул хIалтIухъаби: Лайла ва Руслан Имамирзаевал,Рамазан Гьанищев, Мухтар ХIайбулаев,МухIамад Дудуев, лицеялъул ц1алдохъан Алжанат ГIалиукъаева,Зумрат МухIамадова ва №1 **«Маргьа»** лъималазул ахалъул гьитIичал.

Гьезул кучIдузги, кьурдабазги ва театралияб номералъги гьеб тадбиралъул гIахьалчагIазул ракIазе кIудияб асар гьабуна.

Гьениб, КЦСОНалъул рахъалдасан, Юсуп МухIаевас сакъатазе кьуна соцпакеталгун гIарцулал шапакъатал, гьединго, сайгъатаздалъун гьенир к1одо гьаруна лъималазул ахалъул гьитIичалги

Данделъи бачана Рамазан Гьанищевас.

---

Т1адехун рехсараб байрамалъул бут1алъун бук1ана 11 декабралда т1обит1араб рагъул ветеранзазухъе гьоболлъухъ щвейги. Дылым, Ленинаул ва Алмахъ росулъ яшав гьабун ругел ветеранзазухъе щвана-районалъул бет1ер Х1.Х1. Мусаев,социалияб рахъалъ г1адамал хьезариялъул Централъул директор Ю.И. Мух1аев, райадминистрациялъул аппаратлъе нухмалъулев Г1.П. Базаев.

Гьез ветеранзда баркана байрам, ц1ехана х1ажалъи ккараб бугищан ва гьезие кьуна сайгъатал.

*Асият ДИБИРОВА.*

Расул Х1амзатовасе - 95 сон

# Гималаязда – Расул ХIамзатовасул бюст




МагIарулазул чIухIи, халкъияв шагIир Расул ХIамзатов щвечIеб букIон дунялалъул батиларо. Кивехун щваниги гьес кочIодалъун гьеб бакIалъул хIакъалъулъги хъвалаан.

Гьединал бакIазул цоябгун кколеб Непал пачалихъалда бижана шагIирасул кIиго поэма: **«ГIумруялъул гьоко»** ва **«ЧIагояй аллагь Кумари»**. Гьел руссинарун руго непалазул мацIалдеги.

Дагьал церегIан къояз, киса-кирего гIатIидго, тIоритIана шагIирасе 95 сон тIубаялда хурхарал тадбирал, тIобитIана гьеб Непалалдаги. БатIи-батIиял идарабаздаса вакилзаби гIахьаллъараб данделъиялда цIалана Расулил кучIдул, гьениб рагьун букIана гьесул гIумруялъулгун творчествоялъул бицунеб выставка,тадбиралъе хасаб берцинлъи кьолеб букIана кьурдул **«Лезгинка»** ансамблялъул церерахъиназ. Гьединал данделъабазда гьарулел кIалъаяздаса хадуб, дунялалдаго цIар рагIараб Непалалъул Нагакорт шагьар-курорталда чIезабуна,халкъияв художник ГI. Гьазалиевас хIадурараб, Р. ХIамзатовасул бюст.

Москваялда Дагъистаналъул вакиласул ишал тIуралев, шагIирасул вацасул вас ХIамзат ХIамзатовас баркала кьуна Расулил бюст чIезабиялъе кквербакъарал тIолазего.

Гьеб данделъиялда г1ахьаллъана Дубки поселокалда бугеб **«Чайка»** турфирмаялъул директор Дада Х1акимович Х1ажиевги.

*Редколлегия.*

# Нужер кинаб пикру бугеб?

Балъголъи гуро ахириял соназ нилъер улкаялда гIадлу-низам чучун букIиналъ гIемерал гIадамазул рахIат хвезабулеб ва гьелдаса цо-цояз лъикIго пайда босулеб бук1ин.

Ралел мажгитазул, гьенир гьарулел вагIза-насихIатазул,щибаб соналъ хIаж борхизе унезул,гIелму тIалаб гьабулезул къадар цIикIкIунеб бугониги, гIадлу-низам хвезабулел дагьлъулел гьечIо. Гьездаго цадахъ цIикIкIунел руго цоцазе кьураб рагIи ккунгутIиялъул, чияр буголъи жидеего бахъиялъул, тIаде ккараб налъи бецIунгутIиялъул ва гь.ц. квешал пишаби хьвадизариялъул хIужаби. Гьединал лъугьа- бахъиназ питна бекьулеб буго гIагарлъиялда,вацал-васазда ва тухум-кьибилалда гьоркьобцин.

ДагIба-къец **«роцIинаби»** мурадалда, цо-цоял гIедегIулел руго цIех-рехалъул органазухъе,цогиял-имамзабахъе, хIатта, цоцазухъ гIенеккун, гIедегIичIого ва бигьаго - суал рукIалиде ккезабизе кIолеб бугониги. **«Сабур- Алжаналъул кIул»,**-ан аби нилъер гIелмуялда букIин гIемеразда кIочонеб буго. Законалдагун шаргIалда бихьизабуралде гIинтIамуларелги нилъеда гьоркьоса камулел гьечIо. Гьединаз хIаракат бахъула, мекъаб нухдасан унги, жалго ритIараллъун рихьизаризе,къокъгьабун абуни, гьересиялъ тIалъи босун буго.

БитIараб нух бихьизабуниги, гьенисан ине гIадамал гIедегIулел гьеч1о ва гьел сундасаго хIинкъулеллъунги рихьуларо.

Жидеда нахъ хвелги къиямасеб къоялъ кIалгьикъиги букIин лъалел, гьезда ракIчIарал гIадамал квешал пишабазде инин дида ракIалде ккоаро.

ГIезегIанго хIужаби руго тIаде ккараб налъи кьунгутIиялъулги. Нилъер гIелмуялда абулеб буго налъи нахъ буссинабизе рес гьечIесда тIаса лъугьани, лъикI букIинилан, амма гьаб заманалда, цо-цо яхI-намус тIагIараз, ресалда ругониги, налъи кьолеб гьечIо.

Нилъер Аварагас (с.гI.с.) кIиго диргьам налъи тIад бугев чиясдаса жаназадул как бан гьечIо, щай абуни, Аллагь тIаса лъугьунарев мунагьазул цояблъун гьеб букIиналъ.

Нилъеда бихьулеб буго цо-цо гIадамазул налъаби гIагарлъиялъ рецIулеблъиги. Гьедин ккелароангури, гьел гьаричIого тани, бецIизе рес гьечIони, тIаса лъугьин тIалаб гьабуни,ялъуни гьеб бецIиялъе ресал ралагьани. **«ЦIакъго бокьани, ресал ратула»»**,-ян абула.

Бокьилаан дица хъваралда тIасан цIалдолезул пикру лъазе.

*Ниязбег АЛМАХЪСКИЙ, Хасавюрт шагьар.*

# Нужеда Аллагь разилъаги

Нижеда лъикI лъала **«Хасавюрт-Кьохъ»** шагьранухлул бутIалъун кколеб **«ХIариб»** къварилъиялда,хасго хасало, букIунеб ахIвал-хIал. ГIемерал хIужаби рукIана, циндаго гIазуялъ нухги къан, магIарухъе унел машинаби гьенир хутIарал ва Казбек районалъул гIадамал гьезие кумекалъе рахъарал. Гьелъул хIакъалъулъ цо чанго нухалда газеталда хъванги букIана.

Аслияб къагIидаялда,къварилъуде ккаразе кумек гьабула Буртунай росдал гIадамаз. Хасаб баркалаялъе мустахIикъаллъун ккола гьениса тракторист Тимирав Юнусов ва нухазул участокалъул хIалтIухъан Зубайри ЛахIитов. Бокьараб заманалда кумек хIажат бугин гьезухъе щвани, гьез гьелъие инкар гьабуларо.

Гьедин, дагьал церегIан къояз, Буртунай росдада тIадехун бугеб нухда цIерги къан, машинаби ине хIинкъи бугеб ахIвал-хIал лъугьун бугоан. Росдада гъоркьехун бугеб нухлул бут1аялде сали балев Зубайрида дица гьеб бицана. Ниж тIадруссинелде Зубайрица нухде сали - ракь бан бугоан.

Гьаб гIадлу-низам бихханаб заманалда, гьедин тIаде босун, кумекалъе рахъунел чаг1и гIемер дандчIваларо.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе гьел лъикIал гIадамазе.

Аллагьас гьез гьабулелда баракатги лъеги нижгIан разияб ахиратги гьезие кьеги.

*МухIамад Мавлутов, МелъелтIа росу.*

# Акция «ГIурччинаб километр»



ГIемераб заман инчIо, нилъер республикаялъул бетIер В. Васильевас лъазабураб **«ГIурччинаб километр»** акциялъул рахъги ккун цо-цо районазда гъутIби чIеялъул хIалтIи унеб бугелдаса. ГъутIби чIей, хасго пихъилал, исламияб диналдаги цIакъ беццараб иш буго. Гьел чIезе бегьула нухлул рагIаллъабазда, идарабазда сверухъ, цIакъго лъикIаб букIина ччукIелал ругел бакIазда чIани. Специалистаз бихьизабулеб буго гьелъ гIезегIанго кумек гьабулин ракь ччукIине течIого букIиналъе. Нилъер районалда, хасго Дилималда, гьединал бакIал гIезегIанго руго.

Баянаб бук1ахъе, акациялъул, цIулакьодул, карул гъутIби нилъер бакIалда лъикI хIалтIула ва хеккого к1одолъула. Гьезул цогидаб лъикIаб рахъги буго, гьез нилъее ц1ик1к1араб пайда кьола.

Дида ракIалде ккола росабазул бутIруз, депутатаз, идарабазе нухмалъулез, цIалдохъабаз ва чIахIияб гIелалъ гьеб лъикIаб хIалтIи **«кодобе»** босилин.

Гъут1би ч1еялъулъ районцояз жигараб г1ахьаллъи гьабуни, нилъер ракь жеги г1урччинлъизе бук1инлъиялда дир рак1ч1араб буго.

*ХI. АДИМИРЗАЕВ, Дилим росу.*

Инсан ва г1умру

# Рекъон хIалтIани,..

Районалъул гIадамазда лъалеб батила ГIаркьухъ росдал **«БагIараб октябрь»** племхоз - СПКялда бугеб ахIвал-хIал, цереселгун гьанже росдал жамагIаталъ рищарал нухмалъулезда гьоркьоб бугеб дагIба- къец ва къеркьей.

Гьеб къеркьей халалъиялъе квербакъулеллъун руго **«халкъалъул ихтиярал цIуниялъул»** бетIерлъиялда бугеб ритIухълъи бичулеб чорокаб гъурущги цо-цо яхI-намус тIагIарал хIалтIухъабиги.

Доб Советияб заманалда гьеб тайпаялда дица абун букIана:

***«Нуж, кабинетазда бакIал хинлъизе,***
***Ришватаца тараб турараб агьлу.***
***Гьаниб гIадамазда гIумру гьабизе,***
***ГIаксалда малъулеб махI бахъараб къавм»,***-ан.

Гьай-гьай, гьел рагIабаз ришватчагIазул ракIазе лъикIаб асар гьабулареблъи лъала нилъеда, амма хIакъикъат гьединаб буго. Гьаб макъала хъваялъе гIиллалъун ккана СПКялъе цIиял нухмалъулез,къокъабго заманалда жаниб, гьабураб хIалтIул хIисабкьей. Жанир чIезе мина гьечIого, жакъа Бабаюрталда ва гъутабазда, метер Ессентукиялда ва Краснодаралда,сезе Дилималда ва МахIачхъалаялда, хIалтIул заманги гIадада биччан, гIадамазул мурадал тIуразе тIаде босарал цIиял нухмалъулез гьабураб хIалтIи рехсечIого тей, дида битIараблъун бихьуларо.

Гьедин,гьез СПКялъе росана- гIухьбузе чадирал ( 60 азарго гъур.), ворохоочиститель (160 азарго гъур.), «ДТ-75» трактор (150 азарго гъур.), «Газель» автомашина (150 азарго гъур.), цIиял хьонал (30т., 630 азарго гъур.).

Гьединго,фермаялъе (Ахдачихъан), гIухьбузул минаялъе, Туршунаялда бугеб бокьалъе,гIухьбузе хIамам баялъе, артезин бахъиялъе, газ бачиналъе, зернотокалъе, бокь бахъиялъе, магIарда (Ахсу) гIухьбузе мина эхетиялъе, ЦIияб ГIаркьухъ футбол хIазе бакI хIадуриялъе СПКялъ биччана 1 млн.739 азарго гъурущ.

Гьелде тIадеги, хIалтIухъабазул харжал цIикIкIинаруна 15 проценталъ ва гьел гьезие заманалда кьолел руго.

Гьединал хIасилал кьеялъе гIиллалъун ккана ц1и тарал СПКялъе нухмалъулезги жамагIаталъги, цадахъ рекъон, хIалтIи гьабулеб букIин.

*Сулейман ГIАБДУРАХIМАНОВ, ГIаркьухъ росу.*

# Конкурс «Шаг в будущее»







В последние годы учащиеся нашего района принимают активное участие на различных олимпиадах, конкурсах и других мероприятиях, проводимых в масштабе района, республики, России и становятся призерами.

После школьного этапа XXIV Республиканской конференции молодых исследователей **«Шаг в будущее»**, на районный этап были представлены 12 работ учащихся.

16 ноября в Дылымской гимназии состоялся районный этап, где для представления на Республиканскую конференцию были отобраны пять лучших работ.

26-27 ноября состоялась защита работ на Республиканской конференции, где ученик 11 класса Ленинаульской СОШ №1 Рамазан Далгатов и ученица 10 класса Калининаульской СОШ Наира Магомедова заняли 2-е места, а ученица 9 класса Дылымской гимназии Загират Гамзатханова заняла 3 место.

*Салимхан Дарбищев, методист ИМЦ.*

# МухIамад Беркиханов



Дагьал церегIан къояз г1умруялдаса ватIалъана Гуни росулъа шаг1ир МухIамад Беркиханов.

МухIамад гьавуна 1935 соналъ векьарухъанасул хъизаналда. Росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьев лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологическияб факультеталде. МухIамадица хъулухъ гьабуна Советияб Армиялда, тIадвуссун хадув, хIалтIана ЧIикIаб ГЭС балелъув, Гъизилюрталъул химзаводалда, почтаялда ва цогидалги бакIазда.

ГьитIинаб заманалдасаго бокьулаан МухIамадие поэзия ва гьес хъвалаан кучIдул. Гьесул кучIдул рахъана - районалъул, республикаялъул газеталгун журналазда. **«ТалихIаб сагIат»** абураб гьесул кучIдузул тIоцебесеб тIехь къватIибе лъугьана 1983 соналъ.

Гьединго, МухIамадил кучIдул рахъана, цо чанго авторасул кучIдуздасан гIуцIарал **«Сухъмахъал», «РекIел жугьаби»** абурал тIахьазда. Дагьал церегIан соназ М. Беркихановасул **«ВатIаналъул кечIгун»** абураб тIехьги къват1ибе лъугьана.

МухIамад вукIана ракIбацIцIадав, кумекалъе вахъине хIадурав ва аваданав чилъун. МухIамад лъалев вукIаразул ракIалъ гьев даималъ хутIила.

***Бесират АДУЕВА, Гуни росу.***

## Спорт- инсанасул сахлъи

# ВОЛЕЙБОЛ



9 декабралда Калининаул росулъ тIобитIана гIадатлъун лъугьараб, Салатавиялъул бахIарзал ракIалдещвезариялда хурхинабураб волейболалъул турнир. Щуабилеб нухалда тIоритIулел гьел къецазда гIахьаллъана районалъул росабалъа 7 команда. **«Нижер рукъ»** ДРПООялъул(председатель ХIайбола ГIумаров), районалъулгун Калининаул росдал администрациябазул хIаракатчилъиялда тIобитIараб гьеб турниралъул хIурматиял гьалбаллъун рукIана- районалъул бетIерасул заместителал: И.И. Шабазов ва И.Б. Салимханов, аппараталъе нухмалъулев Г1.П. Базаев, Райсобраниялъул председатель Гъ. М. Гъирисханов, федералияв судья ХIажимухIамад ХIажимухIамадов, финансазул Управлениялъе нухмалъулев Раип ХIажиев, депутатал, волейболалъул ветеранал, болелщикал ва гь.ц.

КIалъарал - Гъ. Гъирисхановас, ХI.ГIумаровас, волейболалъул ветеран Эсенай Идрисовас, ХI.-м. ХIажимухIамадовас ва цогидазги турниралъул гIахьалчагIазе бицана гьединал тадбиразул гIолеб гIелалъул спорталде рокьи бижизабиялъе, патриотикияб тарбия кьеялъе, гьудул- гьалмагълъиялъулал бухьенал рук1инариялъе ва гьел щула гьариялъе бугеб кIваралъул.

Можороялда рекъон ва кIиго подгруппаялде рикьун тIоритIарал къецазул хIасилалда, финалалда хIазе ихтияр щвана Дилим,Калининаул,Гертма ва Буртунай росабалъа командабазе.

ТIоцебесеб бакIалъе гIоло хIана Дилим ва Калининаул росабазул командаби.Бергьенлъи босана Дилим росдал командаялъ. Лъабабилеб бакIалъе гIоло хIана Гертма ва Буртунай росабазул командаби. Гьениб,2:1 хIисабгун, бергьенлъи босана Гертмаялъул командаялъ.Турниралъул хIасилал гьариялда рехсана бищунго лъикI хIарал волейболисталги.

Гьел ккола: Бадрудин Камучов(защитник, Калининаул), Ринат Булатханов (нападающий, Дилим), Шамиль Расулов (лучший игрок, Буртунай) ва Сайгид Гелакаев (разводящий, Дилим). Призалъулал бакIал ккурал командабазе гьенир кьуна кубокал, медалал, грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

Гьединго, гьенир кIодо гьаруна лъикI хIаралги.Гьезие кьуна кубокалгун гIарцулал сайгъатал.

***И.БУЛАТХАНОВ.***

## Дин ва г1умру

# Хварав чиясул г1ага - божаравде зигара гъабиялъул баян

Чи хвараб мехалъ гьесул насабалъул ва ригьнал г1агарлъиялде, рос-лъадиялде, гьудул-гьалмагълъиялде ва гьесда хадуб рак1 бух1аравщинав чиясде, балугълъич1ел гьит1иназде бугониги, зигара базе суннатаб ва кутакалда хирияб жо буго. Гьелдаго борцун, суннатаблъун бихьизабун буго зигара базе хвел гуреб цогидаб къварилъи, балагь т1аде бач1арав чиясде ва гьесул г1агарлъиялде, к1удияб къварилъи гьеч1ониги. Хварав чиясул г1агарлъиялъ цоцаде зигара базеги суннатаб буго, масала, эмен хвараб мехалъ цо вацас цогияв вацасде. Ибну Мажагьицаги Байгьакъиясги бицараб х1адис буго:

Маг1на: **«Цониги бусурманав чи хут1уларо жиндирго диналъул вацасде тIаде бач1араб кьварилъиялдасан зигара барав Аллагьас гьесда рет1изабун гурого хиралъиялъул рет1ел къиямасеб къоялъ».**

*«Иршадуль г1авам» 1 бут1а, Гъодобериса Ах1мад Г1исаев.*

# Къокъго

2018 соналъул ич1го моц1алда жаниб республикаялъул бюджеталде базаразул компаниябаздаса щвана 70,8 миллион гъурущ налогазул, араб соналде дандеккун, гьеб ц1ик1к1ун буго 1,4 проценталъ. Базаразда ричарулел хасал предпринимателазухъаян абуни, 146,5 миллион гъурущ налогазул щвана яги, араб соналде дандеккун, 27,6 проценталъ ц1ик1к1ун.

---

Республикаялде бач1ана хехаб кумекалъул 10 машина, лъаг1алил ахиралде жеги 14 бач1инеги буго. 2019 соналда х1исабалде босун буго гьединаб 70 машина босизе, гьелъие республикаялъул бюджеталдаса биччазе бихьизабун буго 258 миллион гъурущ.

*"Х1акъикъат" газеталдаса босараб.*

## 10 моц1ида жаниб 21,4 млрд. гъурущ

# Бак1арараб г1арцухъ 90 автобус босана

27 ноябралда т1обит1араб данделъиялда гьаруна республикаялъул налогазул идарабаз 2018 соналъул 10 моц1алда жаниб гьабураб х1алт1ул х1асилал ва бицана лъаг1алил ахиралде щвезег1ан т1уразаризе кколел ишазул х1акъалъулъ. Гьелда г1ахьаллъана ДРяльул бет1ер Владимир Васильевги.РФялъул ФНСалъул ДРялда бугеб Управлениялъе нухмалъулев Гъазинур Апсалямовас бицана аслиял х1асилазул х1акъалъулъ.

**«2017 соналъул январь-октябрь моц1азде дандеккун, налогазул хайир ц1ик1к1ана 7,7 проценталъ яги 2,1 млрд гъурущалъ.Республикаялъул цолъизабураб бюджеталде 10 моц1алда жаниб бак1арана 21,4 млрд гъурущ, бюджетиял рихьизариял т1уразаруна 103,9 проценталъ. Цебесеб соналъул гьебго заманалде дандеккун, хайирлъана 5,9 процент яги 1,2 млрд гъуруш. Дагъистаналъул цолъизабураб бюджеталде бач1араб г1арцудаса республикаялъулаб бюджеталде бач1ана 15,5 млрд гъурущ ва бак1азул бюджетазде — 5,9 млрд гъурущ»**, - ан бицана гьес.

Гъазинур Апсалямовас бицана ц1иял технологиял х1алт1изариялъулги, ахираб щуго соналда жаниб бак1аздеги ун, халгьаби т1обит1иялъул х1ужаби 2,8 нухалдаса дагьлъиялъулги, гьелдаго цадахъ, цо сапаралъул х1асилалда 7,7 млн. гъурущ налог бак1ариялъулги, 2013 соналде дандеккун, ич1го нухалъ ц1ик1к1ун, республикаялъ къабул гьарурал проектал г1умруялде рахъинариялъулги х1акъалъулъ.

Управлениялъул х1алт1уе къимат кьолаго, ДРялъул х1укуматалъул председателасул т1оцевесев заместитель Х1ажимух1амад Х1усеновас абуна льик1ал х1асилазда г1ей гьабун ч1еч1ого, цебет1еялъулаб бюджеталъул пикруги гьабизе кколин абун.

**«Нужеда лъала, налогазулаб политика бараб бук1ин бюджеталъул план х1адуриялда. Х1ажат буго х1алт1ул ц1ияб даражаялде рахине ва цебет1еялъулаб бюджеталде рач1ине. Цадахъаб х1аракат гьеч1они,нилъ мурадалде мурадалде щоларо. Дагъистаналъул нухмалъиялъ, налогазул идарабазго г1адин, жаваб къезе ккола бизнесалъе ращадал шарт1ал ч1езариялъулги, инвестициязе санаг1атаб гьава-бакь г1уц1иялъулги, бащадаб конкуренциялъе шарт1ал г1уц1иялъулги»**,- ян бицана ХI. Х1усеновас.

Налогазул идарабазда цереч1арал мурадазулгун масъалабазул х1акъалъулъ бицана ДРялъул бет1ерасги. Лъик1аб х1алт1ухъ баркалаги загьир гьабун, Владимир Васильевас абуна: **«Нилъеда цере руго ч1ах1иял масъалаби. Балъголъи гуро, управлениялъул цебеккун бук1араб нухмалъиялъулгун г1аммаб мац1 батизе нижее зах1малъулеб бук1араблъи. Улкаялъул президент Владимир Путингун дандч1вараб мехалда, дица гьесда бихьизабуна к1иго диаграмма. Цоялда бихьизабун бук1ана дармил операциязул цебет1ей ва Ставрополь краялъулгун гьелъул дандекквей. Дагъистаналда г1емер рук1ана дармил операциял, амма нилъецаункъо нухалъ дагь бак1арулеб бук1ана налог. Гьединабго бат1алъи бук1ана ралел бак1азулги, заправкабазулги, кирпич гьабулел заводазулги. Лъаг1алил байбихьудаса заправкабазухъа бак1арулеб налог ц1ик1к1ана. Гьебго къаг1идаялда хисизабизе рак1алда буго 600 гектаралда ругел кирпичазул заводазул х1алт1иги. Цебеккун бук1ахъе гьел х1алт1изе тезе гьеч1о»,** -ян.

Регионалъе нухмалъулес абуна Россиялъул энергетикаялъул Министерствоялда цадахъ х1алт1изе ругин газгун ток пайдаялъе х1алт1изариялда т1адги. **«Гьеб программа г1умруялде бахъинабизе ккола нилъеца, буго гьелъие федералияб кумекги. Лъаг1алида жаниб лъабго районалда г1адлу гьабизе ккола нилъеца, ай, ч1ах1иял налъаби ккезе риччантараб система хисизабизе буго.**

**Нужеца бак1арараб г1арцухъ рес щвана 90 школалъе автобусал, 70 машина "Хехаб кумекалъе" росизе ва жагъаллъарал школазул минаби къач1азе»,** - ян бицана Владимир Васильевас.

Данделъиялъул ахиралда ФНСалъул х1алт1ухъабазе кьуна ДРялъул пачалихъиял шапакъатал.

*ДРялъул бет1ерасулги х1укуматалъулги администрациялъул пресс-хъулухъ*

БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95

Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова
Фотомухбир: Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо ХIайбаева
Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.
Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2
Индекс: 51354
Заказ №172 Тираж 1300
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола